қаҳарманның өзи де сол қызға ашық екенлигин айтып, қыздың Айтымбетке турмысқа шығып кетпеслигин мәсләҳәт етеди:

Қолымнан кетерсең, сүйиклим гөззал,
Мен сорлыман ҳал сорасыў биймәлел,
Айтымбетке кеткеннен өлгениң абзал,
Жанымның жананы, жаным Гүлайым [2:135].

Қазы Мәўлик шайыр да XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында лирик шайыр сыпатында танылған. Оның «Ядыма тусти», «Перийзат», «Ақылым ҳайрандур», «Қушайды», «Ҳеш сөзим йоқдур», «Қызлар қосығы», «Мегзеттим» т.б. қосықларын тәрийплик шығармалар катарына киритиўге болады. Усылардың ишинде, «Перийзат» атлы қосығы Омар шайырдың «Перийзат» қосығы менен мазмуны жағынан үнлес келеди. Қосықта он сегиз жасар Шымбай гөззалының бәршеден ағла, сулыў көрки тәрийпленип, күлимлеп сөз айтып, қасын қаққанда ақыл-хуўшын алып, бийҳуш етиўи, бир аўыз сөзине қайтарған жуўабынан миннетдар болыўы сүўретленген. Мысалы:

Қайсы күни көрдим айдек йўзлериң,
Шул күни тотыя қылдым излериң,
Қылық етип қашың билен көзлериң,
Ханжар билән бағрым тилдиң, перийзат [2:185].

Қосықта шайыр тәрепинен қыздың сулыўлығы менен бирге, адамды ҳайран қалдырарлық әдеп-икрамлылығы, кеўлиңдегини айтпай түсине алатуғын пазыйлетли гөззалды, несип қылса бир күни яр ететуғынлығын аңсаў сезимлери сөз етилген.

«Мегзеттим» қосығында да гөззалдың қәдди бойларын Зулейха менен Шахсәнемге уқсатып, бойына питкен сулыўлығын көркем теңеўлер арқалы эмоциональ тәризде, тәсирли етип сүўретлеген. Мысалы:

Тырнадек йўришли, тоты турышлы,
Қаршыға қуш яңлы, бойны бурышлы,
Бүлбилдек хош ҳаўаз билән күлиши,
Лағлы-ләбин зарафшана мегзеттим [5:56]

Мысалдағы қосық қатарларында фольклорлық дәстүрий сүўретлеўлер арқалы қыздың гөззал келбетин сөз бенен сызып көрсеткен. Сондай-ақ, ғумша яңлы, ашылған гүз жүзли дилбардың жилўа менен сөйлегендеги дилўарлығы мисли бүлбил екенлиги тәрийпленген.

Жуўмақлап айтқанда, халық шайырларының поэзиялық шығармаларының тематикасы оғада бай. Әсиресе, тәрийплик шығармаларының идеялық - мазмунын ашып бериўдеги қолланған көркем сүўретлеўлер, қосықлардың тематикасының еле де рәңбәрең түрлениўине белгили дәрежеде тәсир жасайды. Халық шайырлары дөреткен ҳәр бир шығарма, соның ишинде, тәрийплик шығармалар, оларда жырланған идеялар поэзия ықласбентлерине өзгеше тәсир жасап, айрықша эстетикалық заўық бағышлайды.

**Әдебиятлар**


1. Пахратдинов Ә. XIX әсир әсир ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. –Нөкис: «Билим», 1996.
2 Пахратдинов Ә., Өтемуратова Ҳ. XIX әсир әсир ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы (Хрестоматия). –Нөкис: «Билим», 1995.
3. Пирназаров А. Омар шайырдың өмири ҳәм творчествосы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.
4. Омар шайыр. Айырша. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.
5. Халық шайырлары. Қосықлар. (Баспаға таярлаған: Ә.Пахратдинов). –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада халқ шоирлари ижодидаги қасидалар талқин қилинган. Хусусан, шоирлар Умар ва Қози Мавликларнинг қасидаларида тараннум этилган ишқ мавзуси мисоллар орқали ўрганилган. Шеърларда қизларнинг ташқи ва ички гўзаллиги, гўзал хулқ-атвори, одоб-ахлоқи, ақл-заковати, хушмуомалалиги, ахлоқий фазилатлари очиб берилган, унга ошиқ бўлган лирик қаҳрамон туйғулари тимсоли талқин қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье интерпретируются оды народных поэтов. В частности, на примерах исследуется тема любви, воспетая в одах поэтов Умара и Кази Мавлика. В стихах раскрываются внешняя и внутренняя красота девушек, хорошие манеры, ум, вежливость, нравственные качества, символически осмысливаются чувства влюбленного в нее лирического героя.

**SUMMARY.** The article interprets the odes of folk poets. In particular, the theme of love, glorified in the odes of the poets Umar and Kazi Maulik, is explored through examples. The songs reveal the girl’s external and internal beauty, good manners, manners, intelligence, politeness, moral qualities, and symbolically comprehend the feelings of the lyrical hero who is in love with her.


# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА КӨРКЕМ-ҲҮЖЖЕТЛИ ОЧЕРКТИҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ


**Т.Қ.Жәримбетова –** *таяныш докторант*
*Өзбекстан Республикасы илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*



**Таянч сўзлар:** очерк, бадиий-ҳужжатли очерк, реал қаҳрамон, портрет, образ.
**Ключевые слова:** очерк, художественно-документальный очерк, реальный персонаж, портрет, образ.
**Key words:** essay, artistic-documentary essay, real character, portrait, image.


Қарақалпақ прозасында мемуарлардың, көркем-ҳүжжетли дөретпелердиң дәслепки көринислери очерклерде сәўлеленди. «Қарақалпақ прозасының туўылыўында очерк ҳәм гүрриң дәслепки басқыш болды» [1]. Очерклер анық фактлерге тийкарланып, өмирде бар болған инсанларға арналып жазылады. XX әсирдиң 30-жыллары қарақалпақ әдебиятында дөрелген дәслепки очерклердиң идеялық-тематикалық бағдары жаңа жәмийетлик өзгерислерди сөз етиў, тарийхый бурылысларға авторлардың өз көзқарасын билдириўи, өткен заман менен өзлери жасап турған дәўирди салыстырып қараўшылық ҳәм тарийхқа қызығыўшылық бағдарында болды.

Очерк – турмыста жасаған ҳәм ҳәзирде жасап атырған қаҳарманлар өмиринен алып жазылған ҳүжжетли гүрриңниң бир түри, деп атасақ та болады. Гүрриң турмыста болыўы мүмкин болған ҳәдийселерди жыйнақлап жазса, очеркте жазыўшы сол қаҳарманды өз көзи менен көрип, оның ис-ҳәрекети менен портретин анық сүўретлейди. Очерк өз характерине қарай қаҳарманның үлгили тәреплерин алғыслайтуғын жанр. Қарақалпақ очерклери 30-жылларда пайда бола баслады. Оның баслаўшылары А.Бегимов, Н.Дәўқараев, М.Дәрибаев, Д.Назбергенов ҳәм Р.Мәжитовлар болып есапланады. Кейинирек С.Салиев, А.Әлиев, И.Қурбанбаев, К.Назбергенов ҳәм А. Халмуратовлар бирнеше очерклер жазды [2:195].

«Очерк – бул турмыс поэзиясы, дәўир жылнамасы, үлкен ҳәм киши ислердиң жыршысы» дейди қазақ изертлеўшиси Төлеўбай Ыдырысов [3:152]. Илимпаз айтқанындай, очерк бир тәрептен дәўир шынлығын жаратады. Сол айтқандай, қарақалпақ әдебиятында очерклердиң жазылыў барысы нәтийжесинде көплеген әдебий жанрлардың жүзеге шығыўына жол ашты.

«Әдебияттың салмағы оның өз ўақтынан шынлығын, сол күнниң темасын қаншелли терең ҳәм жетерли көркемлилик пенен сүўретлеп бериўи, ўақыттың унамлы белгилерин сәўлелендириўши

әжайып образлары менен өлшенетуғыны анық. Ҳәзирги күнниң темасы бет бурыў менен оқыўшының мийрин қандырарлық шығарма дөретиў, яғный, оның узақ жыллар жолдасы боларлық жетилискен образ жасаў – бир-бири менен тығыз байланыслы болғаны менен булар еки түрли мәселе екенлиги даўсыз. Жазыўшы жақсы нийет пенен халқымыздың алға қойып отырған ийгиликли талапларын орынлаў ушын өз тәжирийбеси менен талантына сүйенип көрген билген фактлери, өзине таныс болған адамлары туўралы шығарма дөретиўге кириседи. Бүгинги турмыстың мәселесине белсенди араласып, адамлар жөнинде кең үгит-нәсият жүргизиўши очерк пенен гүрриңлер өз алдына бир төбе» [4:235]. Демек, илимпаз И.Сағыйтовтың айтқан пикирлеринен жуўмаққа келсек, очерклерде көбирек қаҳарманлардың ҳәрекетлеринен үгит-нәсият, үлги алыў тәреплери көрсетилсе, ал, көркем-ҳүжжетли очерклерде жазыўшы турмыста жасаған қаҳарманның халық ушын ислеген хызметлери ҳаққында ҳүжжетлерге тийкарланған ҳалда көркемлеп бериледи.

Академик М.Нурмуҳамедов өз изертлеўинде очерк яки гүрриң жанрындағы шығармалардың улыўмалық сыпатын нәзерде тутып, олардың пайда болған ўақтын белгилеген еди. Илимпаз тәрепинен «Қарақалпақ прозасы»нда көрсетилгениндей, «дәслепки қарақалпақ очерклери» газета хабарларынан аз парық қылатуғын еди. Авторлардың өзлери де оларды «очерк» деп атамайтуғын еди [5:15]. Дәўирдиң актуал мәселелерине қурылған фельетон, очерк, гүрриңлер сыяқлы майда формалар ҳәзирги қарақалпақ прозасының басламасы болды, өз гезегинде олар буннан кейинги дәўирлерде көлемли повесть ҳәм романлардың жаратылыўы ушын шараят жаратты.

Реал инсанларды ҳақыйқый түрде типиклестирип сүўретлеўши, турмыслық фактлерге қурылған эпикалық прозаның публицистикалық жанры – очерк миллий әдебиятта 1920-жыллардың ақыры 1930-жыллардың басында пайда болып, әдебий процесс барысында ҳәр тәреплеме жетилисип барды. Қәлем ийелериниң дөретиўшилик изленислери көркем прозаның тарийхый, сатиралық очерклер, очерк-гүрриңлер, очерк-хат, очерк-мақалалар, күнделик жазыўлары түриндеги очерк, юморлық, лирикалық, суд очерки, илимий, илимий-биографиялық очерк сыяқлы бағдардағы жанрлық түрлер менен толысып барыўын тәмийинледи. Буннан тысқары, тарийхый гүрриң менен очерк жанры түриндеги аралас форманы да есапқа алсақ, бул жағдай очерк жанрының миллий прозада кеңнен орын алғанлығынан дәрек береди [6:185].

Жазыўшылардың очерклер жазыўы кең қулаш ашып раўажланған сайын, олар жанрлық түрлерге бөлине баслады. Портрет очерки – басқа түрлерине салыстырғанда әдеўир илгерилеп кеткен. Белгили сыншы И.Венниченконың жазғанындай: «портрет очеркинде тийкарғы дыққат тәбийий түрде оның бас қаҳарманы – инсанға қаратылады. Бирақ инсанның характери, образы, әдетте мийнетте, қурамалы сиясий әҳмийеттеги мәселени шешиў барысында ашып бериледи. Очерк - қаҳарман гүресиниң сүўретли пафослы шежиреси. Оның ең баслы ўазыйпасы инсанды оның мийнет үлгиси менен мораллық пәк қәсийети менен жәмийеттиң басқа ағзаларына таныстырыў, оның жәмийетлик мийнет пенен жәмийетлик мәпгөйликлерине көзқарасын барынша ҳақыйқатлық пенен көрсетиў. Очерктиң өзине тәнлиги оның дүзилисинде де өз көринисин тапқан. Басқа көркем жанрларда жазыўшы өз мақсетин баян етиў ушын қолай мүмкиншиликлерге ийе. Мәселен, ўақыялар тәртибин өз қәлегениндей, бирақ тарийхый шынлыққа дақ түсирмей орын алмастырыўы, өзгертиўи мүмкин. Бирақ очеркте илимпазларымыз жазғанындай, жазыўшы таңлап алған фактлерди өз қәлегенинше өзгертиўге, орын алмастырыў яки очерк қаҳарманына қызыққанынан келип шығып, онда ушыраспайтуғын сыпат, характерлерди таңлап қойыўына ҳақысы жоқ. Демек, очерк ҳүжжетли, ўақыялы көркем гүрриң. Онда фактлерди көркемлеп жаза билиў арқалы жазыўшы қаҳарман портретин дөретип, орынлы пикир, шешим қоя билиўи мүмкин [7:12-13].

Очерктиң өзине тәнлиги сонда оның дүзилисинде де өз көринисин табады. Илимпазларымыз жазғанындай, очеркте жазыўшы таңлап алған фактлерди өз қәлегенинше өзгертиўге, орын алмастырыўға, очерк қаҳарманында ушыраспайтуғын сыпат, характерлерди таңлап қойыўына ҳақысы жоқ. Очерклердиң заманагөйлиги олардың ҳүжжетлилигинде көзге тасланады, жазыўшыларымыз қаҳарман портретин дөретип, орынлы пикир, шешим қоя билди.

Очерклерде биринширден, тек факт ҳәм цифрларды дизип, анкета қуўыўшылық болмайды. Екиншиден, очерклердиң көркемлик дәрежеси өсип, қаҳарманлардың пикир ҳәм сезимлеринен қуралған эстетикалық тәсиршеңлик болады. Үшиншиден, жазыўшылардың еркин пикирлеўи турмыслық машқалаларды ортаға қойыў мүмкиншилигин береди. Академик М.Нурмуҳамедов пикиринше, «Жақсы факт, эпиўайы информациялаў көркем очерк бола алмайтуғыны мәлим, алған темам – факт, деп өзиңди арқайынлыққа салмай, турмыстан фактлерди сайлап ала билиў, оған көркем мәни бере алыў керек. Ҳәр қандай факт, әсиресе, көркем етип бере алмаған ўақытта турмыстың характерли белгилерин ишине ала алмайтуғынын ядта сақлаў керек» [8].

Қарақалпақ әдебиятында көркем очерк 1980-90-жылларда жазылған очерклерде көркем очерк дәстүрлерин даўам еттирди ҳәм турмыслық ўақыялар, ҳәр түрли үлгидеги мийнет ислери олардың тийкарғы темасы болды. Көркем очерк жанрының шеберлиги сыпатында Т.Қайыпбергенов, С.Салиев, А.Халмуратов, А.Алиев, О.Сәтбаев, О.Абдирахманов, Я.Муратов, К.Назбергенов ҳәм басқалар жетилисти. Көркем очерктиң раўажланыў тарийхына нәзер аўдаратуғын болсақ, 1980-90-жыллар портрет очерклери турмыс талаплары, оның машқалалары ҳәм заманласлар портретин өз ўақтында оператив ҳәм заман талабына сай ўақтында сәўлелендириў ўазыйпасын атқарды. Оларда көркемлик биринши планға шығарылып, қаҳарманлар тәбият көринислеринде ҳәм лирикалық шегинислеринде өз сәўлелениўин тапты.

Портрет очерклериниң көлеми өсип атыр. Халық турмысының барлық тәреплерин көрсететуғын кешеги ҳәм бүгинги күнниң нәпесин бериўде жетискенлиги де, кемшилиги де бар. 80-жыллардағы портрет очерклерине исленген конкрет анализ соны көрсетеди: очерклердиң тийкарында мийнет адамы, Уатанға, туўылған жерге болған мухаббат ҳәм авторлардың еркин пикирлеўлери бар. Очерклерде тек факт ҳәм цифрларды дизип, анкета қуўыўшылық азайған. Екиншиден, очерклердиң көркемлик дәрежеси өсип, қаҳарманлардың пикир ҳәм сезимлеринен қуралған эстетикалық тәсиршеңлик бар. Үшиншиден, жазыўшылардың еркин пикирлеўи турмыслық машқалаларды ортаға қойыў мүмкиншилигин берди. «Басқа очерклер сыяқлы жол-сапарнама да урыс жылларында қарақалпақ әдебиятында кең тарлған, актив ҳәм оператив жанр болды. Бул дәўирде расгөйлик, анықлық, актуаллық ҳәм ҳәзир жуўаплылық очерклердиң характерли белгилери болды» [9:165].

Қарақалпақ әдебиятында жол сапарнама очерклери урыс дәўирине шекем аз жарық көрди. Бул дәўирдеги очерклердиң мазмуны колхоз курылысын беккемлеў, мийнетке саналы ҳәм белсенди қатнасықты қәлиплестириў, алдыңғылар тәжирийбелерин мақтаў сыяқлы темаларға қурылды. Ол дәўирде М.Дәрибаевтың «Азербайжан аўылында», «Бахытлы саяхат» атлы жол очерклерин дәслепки қәдемлер деп баҳалаўға болады. Жол-сапарнама очерклери 60-жылларға келип жаңа көриниске ийе болды. И.Юсуповтың «Жаңарып жайна, Қоңырат» (Нөкис, 1962), С.Салиевтың «Үстиртке адам келди» (Әмиўдәрья ж. №2.1962.), «Дәўир дәстаны» (Әмиўдәрья ж. №3.1973.), К.Жуманиязовтың «Қызыл қумға атланыс» (Әмиўдәрья ж. №2.1985). 80-жылларда машқалалы очерклерде сиясий-жәмийетлик, әдеп-икрамлылық, тәбият, жер, суў, азық-аўқат ҳәм т.б машқалалар ҳаққында сөз етиледи. Белгили жазыўшы ҳәм журналист О.Әбдирахмановтың «Үстирт дәстаны» (Әмиўдәрья,1980ж, №1-2-3), «Аралым – дәртим мениң» (Әмиўдәрья,1987ж, №6-7-8) очерклеринде Үстирт тегислигинде жоқ болып баратырған өсимликлер, ҳайўанатлар түрлери, Арал теңизиниң қурыў себеплери, экологиялық жағдай, улыўмахалықлық апатшылық болған Аралды сақлап қалыў мәселелери бойынша мағлыўматлар айтылады. 90-жыллары қарақалпақ әдебиятында сырт ел темасы ҳаққында М.Сейтниязовтың «Жети журтқа саяхат» (1990), К.Мәмбетовтың «Саяхатнама» (1993), Ә.Қошанов, Т.Ниетуллаев, Ж.Хошниязов, О.Сайымбетовлардың «Өтмиштен дәрек излеп…» (Әмиўдәрья ж. №7.1990), Г.Есемуратованың «Америка тәсирлери» (Арал қызлары ж. №1-2.1994.) жол сапарнама очерклер болып есапланады.

1980-90-жыллар жәмийетимиз тарийхында айтарлықтай өзгерислер дәўири болды. Солай етип, очерклердиң жанрлық характери, тематикасы, сүўретлеў усылына қарай төмендеги түрлерге бөлинеди: портрет очерки, жол-сапарнама очерки, машқалалы очерклер.

Очерк гүрриңге жақын, бирақ бир айырмашлығы онда публицистика басым болып келеди. Көркемлеў қураллары екеўинде де теңдей хызмет атқарады. Сонлықтан, олар арасында артықмаш шек жоқ. Очерк – өмир шежиреси. Заман ағымына илесип, өмир менен бир нәпесте болып, бирге соғатуғын, елимизде болып атырған сан мың ўақыялар менен қызық жаңалықларды изин суўытпай оқыўшыларына таныстыратуғын, өзимиз бенен бирге тынбай мийнет етип атырған заманласларымыздың келбетин жасайтуғын жанрлардың бири. Көркем очерктиң ең баслы ўазыйпаларының бири – оқыўшыда тәрбиялық әҳмийетке ийе болыўы. Өйткени, очеркте конкрет турмыслық материал ҳәм оның жәмийетлик турмыстағы орны ҳаққында сөз етиледи, конкрет қаҳарманлар мысалында турмыс машқалалары сәўлеленеди.

Илимпаз К.Е.Гурсканың: «Әдебият сөз өнери сыпатында еки тенденцияның өз ара байланысына тийкарланған. Ҳүжжетли – ҳақыйқый турмыстағы болған ўақыялардың сол ҳалатында сүўретлениўи, ал, екиншиси, шынлықты көркем образлы жаңғыртыў. Нәтийжеде, әдебияттың көп бағытлы миннетлери қәлиплеседи: шынлықты сол ҳалатында көрсетиў ямаса оны көркем шәртлиликте түрлендириў. Бул еки миннет баянлаўдың еки түринде жүзеге асады, көркем әдебият ҳәм ҳүжжетлиликте» [10].

Әдебий шығармаларда ушырасатуғын ҳүжжетли элементлердиң көркемлик функциясы да өз алдына үлкен мазмунға ийе. Авторлар өз шығармасында ҳүжжетлерден көширмелер, статистикалық, архивлик мағлыўматлар, газета, бюллетень ҳәм топламлардан алынған материаллардан силтемелер бериў арқалы оқыўшының исенимин оятыўға, сүўретленип атырған ўақыяларға реал характер бериўге ҳәрекет етеди. Көркем-ҳүжжетли очерктиң баслы белгиси тек қаҳарманды жаратыў емес, бүгинги күн талабы яки машқала фактлерин изертлеў, ашып бериў болып есапланады. Жазыўшы болып атырған ўақыяларды гүзетип, жәмийетти тәшиўишке салып атырған жағдайларды жазады. Көркем ҳүжжетли очерклерде халыққа белгили адамларды ҳәм олардың хызметлерин туўры бағдарда жеткерип береди. Және де автордың ўақыяға жантасыўында, изертлеўинде халық ҳаўазы, дәрти белгили болып турады. Бүгинги күнниң көркем-ҳүжжетли очерклериниң поэтикасына келсек, ол кеңлиги, тереӊ мәнилилиги, психологиялық образлылық қәсийетлери тәрепинен сезилерли дәрежеде парық етеди [11].

Жуўмақлап айтқанымызда, жазыўшыларымыз очерк жанрында шығармалар жазыўы нәтийжесинде жаңа әдебий жанрлардың пайда болыўына имкан жаратқан. Белгили илимпазлардың пикирлерин анализлегенимизде, очеркте ўақыялар дизбегиндеги қаҳарманларда көркем образдан гөре көбирек тәрбиялық мақсетте жаратылады. Ал, көркем-ҳүжжетли очерклерде болса, қаҳарманлардың мәңгилик ислеринен реал баянлаў көрсетилип, образлар көркемленеди. Көркем-ҳүжжетли шығармларда дөретиўшиниң жетекши көркем-мазмунлы концепциясы, эстетикалық идеялары менен бир қатарда миллий көзқарасы, ақыл-ойы да көринеди.

**Әдебиятлар**


1. Нурмухамедов Н. Современная каракалпакская проза. -Нукус: «Каракалпакстан». 1968.
2. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. –Нөкис: «Билим» 1995.
3. Ыдырысов Т. Шеберлик бастаўы. –Алматы: «Мектеп».1984.
4. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. –Нөкис: «Билим» 1998.
5. Нурмуҳамедов М. Каракалпакская проза. – Ташкент: «Фан».1968.
6. Нурмуҳамедов М. Шығармалары. Том II. –Нөкис: «Қарақалпақстан» 1985.
7. Қожықбаева З. Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында көркем очерк. (1980-1990-жыллар) Автореферат. – Нөкис:1998.
8. Нурмуҳамедов М. Ҳәзирги қарақалпақ очерклери. // «Әмиўдәрья». №9, 1985.
9. Нурмуҳаммедов М.К. Шығармаларының еки томлығы. 2-том. –Н.: «Қарақалпақстан».1986.
10. Нурабуллаев Б. «Ғәрезсизлик жылларында қарақалпақ әдебиятында мемуар жанрының раўажланыўы». (PhD)…дисс. – Нөкис:2022.
11. Боизиева Н. Художественно-документальная проза в кабардинской литературе. (PhD)…дисс. – Нальчик: 2005.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ адабиётида олимларнинг бадиий-ҳужжатли очерклар ҳақида билдирган фикрлари таҳлил қилинди. Унинг жанрлик хусусиятлари, назарий тушунчаларининг шаклланиши, бадиий-ҳужжатли очеркдаги сюжет, образ ёритишда ёзувчининг воқеа, қаҳрамон образини етказиб бериши орқали ўрганиб чиқилди. Ҳақиқатни шу ҳолатида кўрсатиш ёки уни бадиий шаклга олиб келиш орқали ёзилган асарлари солиштирилган ва хулосаларга келинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье изложены научно-теоретические взгляды, высказанные учеными в литературных очерках каракалпакской литературы. С целью определения его жанровых особенностей, формирования его теоретических концепций и сюжетно-образного освещения в художественно-документальном очерке оно изучалось через изложение события и мастерство писателя. Масштабно выяснено, что писатель создает художественно-документальное эссе, основанное на фактах, сюжетных событиях, изображающее действительность того времени, не поддаваясь никаким иллюзиям.

**SUMMARY.** The article presents scientific and theoretical views expressed by scientists in literary essays of Karakalpak literature. In order to determine its genre features, the formation of its theoretical concepts and plot-shaped illumination in an artistic and documentary essay, it was studied through the presentation of the event and the skill of the writer. Having shown the truth in its state or brought it into artistic form, written works were compared and obtained the necessary results.

## NAQÍL-MAQALLARDÍŃ TIPOLOGIYASÍ

**S.Qazaxbaev** – *filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** Qoraqalpoq, o'zbek, qozoq, turkman, tatar folklori, maqol-matal janri, qiyosiy, atama.
**Ключевые слова:** каракалпакский, узбекский, казахский, туркменский, татарский фольклор, жанр (притча (накл), сравнительный термин.
**Key words:** Karakalpak, Uzbek, Kazakh, Turkmen, Tatar folklor, proverb, genre, comparative, term.

Naqıl-maqal aqıldıń qaymaǵı. Naqıl-maqallar xalqımızdıń ásirler boyı puxtalap, kir juqtırmay, atadan-balaǵa ótip kelgen, tujırımlı, keń oydı bildiretuǵın hasıl ǵáziyne. Xalqımız naqıl-maqallardı miynet tájiriybeleriniń jıyıntıǵı, ádiwli oy-pikirleriniń túyini, danalıq sóz marjanlarınıń tat baspaytuǵın tınıǵı retinde jetistirgen. Naqıl-maqallar kóbinese poetik formaǵa iye boladı, shubalańqılıqqa, kóp sózlilikke tiykarlanbaydı. Sol sebepli naqıllardıń tili ótkir bolıp keledi. Olar talay ret tolıqtırılıp, ıqshamlanıp, talay elekten eleklenip ótip, naǵız dánesi biziń dáwirimizge kelip jetken -dep aytıwǵa boladı [1:38].

Qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalların jıynaǵan hám de baspaǵa shıǵarǵan ilimpazlar qatarına N.P.Ostroumov, Sh.Wáliyxanov, A.Divaev, N.A.Baskakov keyin ala, N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetovlardı aytıp ótsek boladı. Ásirese, Q.Ayımbetov naqıl-maqallardı arnawlı túrde jıynap, úyrenip, maqalalar hám de toplamlar shıǵarǵan. Naqıl-maqalǵa dáslepki anıqlama bergen ilimpaz N.Dáwqaraev [2:156]. Folklorshı alım Q.Maqsetovtıń bashılıǵında bolsa, 1960-jılları naqıl-maqallardı toplawǵa ayrıqsha dıqqat awdarılǵan.

Naqıl-maqallar haqqında N.Dáwqaraev hám, Q.Ayımbetovlar óz miynetlerinde aytıp ótken bolsa, T.Nietullaev «Qaraqalpaq xalıq naqıl- maqalları» boyınsha kandidatlıq dissertaciya jaqlap, 1978-jılı qaraqalpaq folklorınıń kóp tomlıǵınıń naqıl-maqallarǵa arnalǵan tórtinshi tomın baspaǵa tayarlaǵan. 2015-jılı bolsa qaraqalpaq folklorınıń kóp tomlıǵınıń 88-100-tomında naqıl-maqallarǵa ayrıqsha orın berilgen.

Naqıl-maqallardı xalıq ishinen shıqqan sózge sheshen, sheber tilli, oy-órisi keń, turmıs tájiriybesi mol danalar dóretedi.

Naqıl-maqallardı V-VI ásirdegi Orxon-Enesey esteliklerinde, Maxmud Qashqariydiń IX ásirde dóretken «Túrk sózligi» nde, Yusup-Xas-Xajibtiń XI ásirde dóregen «Baxıtqa baslawshı bilim» shıǵarmasında, sonday-aq, XVIII-XIX ásirlerdegi jıraw hám shayırlardıń miyraslarında naqıllar hám onıń tárbiyalıq áhmiyetine ayrıqsha dıqqat awdarǵan. Mısalı: Kultegin shıǵarmasınan:

Juqanı sındırıw ańsat,
Jińishkeni úziw ańsat.
Juqa qalıńlap ketse,
Tek onı alp sındırar.
Jińishke juwanlasa,
Onı tek alp úzedi. [3:35-36]

M.Qashqariydiń «Túrk sózligi» shıǵarması naqıl-maqallarǵa júdá bay. Shıǵarmada 262 naqıl-maqallar jámlengen bolıp, sonıń 60 naqıl-maqalları házirgi waqıtta ózgerissiz qollanılmaqta. Maxmud Qashqariydiń devanında keltirilgen naqıl-maqallar shın mánisinde xalıqlıq naqıl-maqallar bolıp, tariyxıy áhmiyetliligi, ideyalıq kórkemlik ózgesheligi menen túrkiy xalıqlar folklorın, sonıń ishinde qaraqalpaq folklorınıń naqıl-maqallar janrın úyreniwde úlken áhmiyetke iye [4:13]. Ondaǵı naqıl-maqallar oziniń tematikası, mazmunı boyınsha házirgi dáwirdegi naqıl-maqallarǵa júdá uqsas. Mısalı:

Jaz ayları kelgende,
Qıs azıqtı tayarla.
Násiyatım balam,
Bilimsizlik-haram.
Sabırsız úyge sıymas.
Qus qanatı menen, er atı menen. [3:101]

Yusup Has Hajibtiń «Baxıtqa baslawshı bilim» shıǵarması folklorǵa tiyisli eń bahalı shıǵarmalardan. Bul shıǵarmada naqıl-maqallardı jiyi ushıratamız:

Kóp sóylep dana bolmassań, kóp tıńlaǵan dana bolar.
Bilim qádirin oqıǵan biler, zer qadirin toqıǵan biler.
Ónerli órge júzedi.
Adam kórki-til, tildiń kórki sóz,
Adam kórki-júz, júzdiń kórki kóz [5:15-22]

-degen naqıl-maqallar házirgi kúnde de óziniń áhmiyetin joyıtpaǵan.

Sonday-aq, qaraqalpaq shayırları Ájiniyaz, Berdaq, Jiyen shıǵarmalarındaǵı naqıl-maqallar xalıq arasında keńirek tarap, kópke málim bolǵan. Bul shayırlardıń ayırım qosıq qatarlarınıń naqıl-maqalǵa aylanıwı, xalıq arasında keńnen belgili bolıwına olardıń shıǵarmalarındaǵı úlken poetikalıq sheberlik hám tereń filosofiyalıq oylar sebepshi bolǵan. Sol sebepten olardıń shıǵarmalarınan alınǵan naqıl-maqallar házirgi waqıtta da jazba hám awızeki sóylew tilimizde jiyi-jiyi qollanıladı. Máselen:

Mal iyesin tabar, sóz tapsa júye.
(Ájiniyaz, «Ellerim bardı»)

Yaman bolsa zúryadıń,
Shıqmas dúnyada hesh atıń.
(Ajiniyaz, «Yoqtı») [6:34-121].

Ata-anańdı qádirle,
Ólgenińshe jaqsı sóyle
Mal tapsań torqaǵa bole,
Óserińe jaqsı balam.
(Berdaq, «Balam») [7:110]

Ashtan toyǵan bayımas,
Qansha baxıt qonsa da.
Kátquda bolıp jarımas,
Qansha juwırıp jelse de.
(Jiyen. «Kórgende bolar kewlim xosh») [8:30].

Naqıl-maqallarda el-xalıqtıń birligi, tuwılıp ósken jerin suyiw, qadirlew, miynet etiw, adamgershilik qásiyetleri hám t.b. pazıyletler haqqında tawsılmas ǵáziyne bar. Bul